

BAB V

KACINDEKAN JEUNG REKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Kecap bénjang asalna tina kecap “ambén” jeung “bujang”. kecap “ambén” tina bahasa Jawa hartina balé nu dijieun tina awi, jadi bénjang téh mangrupa kaulinan bujang dina wangun béla diri, nu dilakukeunna dina abén atawa balé. Kesenian Bénjang mimiti aya dina pertengahan abad ka-19, tuluy mimiti dipikawanoh ku masarakat dina taun 1920. Pertengahan taun 1970, bénjang ngalaman bangbaluh dina kamekaranna, alatan ayana larangan ti pamaréntah yén bénjang gelut geus teu meunang deui dipagelarkeun, anu ogé mangaruhan kana kamekaran bénjang helaran. Ti harita bénjang geus jarang dipagelarkeun deui, nepi ka Jaman *Orde Reformasi* kira-kira taun 2000, para tokoh bénjang nyieun paguyuban anyar nya éta “Paguyuban Mitra Seni Bénjang”. Tuluy taun 2003 dibentuk ogé “Paguyuban seni Bénjang Gulat” Kacamatan Ciléngkrang, Kabupaten Bandung. Lian ti éta, lahir paguron-paguron bénjang anyar, anu magelarkeun bénjang gelut, bénjang helaran, jeung topéng bénjang tepi ka ayeuna. Paguron Séni Bénjang lingga Buana salah sahiji grup bénjang nu mintonkeun bénjang helaran nu aya di Desa Cipanjalu, mimiti ngadegna taun 2009, ngaran Lingga Buana téh dicokot tina ngaran raja Kawali nya éta Prabu Maharaja Lingga Buana.

Prak-prakan pintonan kasenian bénjang dibagi jadi tilu bagian. Kahiji nyuguh (*pra*) kagiatan nya éta tatahar nyiapkeun rupa-rupa kaperluan pikeun kapentingan pintonan, kaasup ngeunaan hal nu aya patalina jeung kapercayaan, atawa nyadiaan sasajén, Kadua nya éta prak-prakan kasenian bénjang, anu mintonkeun tetebah, gending bubuka atawa ritual (“Kidung” jeung “Kembang Gadung”), topéng bénjang, kuda lumping, bangbarongan, bénjang arak-arakan, lulumpingan, momonyétan, jeung mamaungan atawa dijadikeun(*trance*). Katilu nya éta mérésan (*pasca*) atawa bébérés.

Ajén-inajén dina kasenian bénjang, sacara umum nyampak dina fungsi, ma’na, jeung ajén budaya. Fungsina nya éta pikeun ngajénan ka para karuhun, ngaraketkeun tali silaturahmi, gawé bareng, sauyunan, pikeun kapentingan éstetika, jeung pangbeberah manah. Anapon ma’nana nya éta iman jeung takwa

Arlindi Pertiwi, 2016

AJÉN SENI DINA KASENIAN BÉNJANG PAGURON SENI BÉNJANG LINGGA BUANA
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ka Gusti nu Maha Suci, silih ajénan, ngahormat jeung babakti ka karuhun, sarta ngamumulé tradisi. Ajén seni dina kasenian béjjang kabagi jadi tilu anu ngawengku, (1) ajén wujud (*appearance*) nya éta barang-barang seni anu dipaké dina kasenian béjjang. (2) Ajén eusi (*concent*), anu ngawengku ajén pangaweruh (*kognisi*) nya éta katitén tina eusi rumpaka *Kidung* anu ngandung piwuruk pikeun ngalakonan kahirupan. Ajén rasa nya éta rasa anu kacipta nalika lumangsungna pintonan béjjang, Ajén intuisi katitén waktu pintonan lulumpingan, momonyétan jeung mamaungan. Ajén gagasan anu nyampak dina kasenian béjjang katilik tina idé-idé jeung gagasan para palaku seni dina kamekaran seni béjjang. Ajén moral katitén dina ajén falsafah tokoh-tokoh pawayangan nu dipaké ku penari topéng béjjang. Ajén sosial katitén tina kasenian béjjang anu masih kénéh dianggap minangka hiji hal anu mangpaat atawa miboga fungsi pikeun masarakat. Ajén réligi katitén nalika ngahaleuangkeun kidung, pikeun nga du'a sanduk-sanduk papalaku ka nu Kawasa. (3) Ajén ungkapan (*presentation*), nya éta bakat pribadi hiji seniman anu mangrupa kaparigelan, jeung ajén *medium* seni nu dipaké ku seniman kasenian béjjang.

Ajén-inajén anu nyampak dina kasenian béjjang di Paguron Seni béjjang Lingga Buana ku panalungtik dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran di sakola. Anu bisa dilarapkeun dina pangajaran téh ngeunaan ma'na, fungsi, jeung ajén inajén anu yampak dina kasenian béjjang patali jeung atikan nu gedé pangaruhna kana kahirupan. Di antarana atikan karakter, atikan masarakat ngamumulé kabudayaan Sunda, jeung ngeunaan sagala hal anu aya patalina kana iman jeung takwa ka Gusti nu Maha Suci.

5.2 Rékoméndasi

Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa dieuyeuban deui ku panlungtik saterusna, kusabab aya kénéh sababaraha pasualan anu nyampak dina kasenian béjjang nu can kaguar ku panalungtik, jeung dipiharep sangkan pihak-pihak nu patali jeung widang kasenian bisa ngadokuméntasi jeung ngarévitalisasi ieu kasenian pikeun kapentingan seni pintonan industri, wisata katut kapentingan dunya atikan. Sarta ka sakumna seniman-seniman lulusan sakola kasenian, dipiharep bisa ngaropéa jeung ngamumulé ieu kasenian. Ogé dipiharep ieu

Arlindi Pertiwi, 2016

AJÉN SENI DINA KASENIAN BÉJJANG PAGURON SENI BÉJJANG LINGGA BUANA
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kasenian bisa remen dipublikasikeun, sangkan kasenian bénjang leuwih dipikawanoh ku masarakat Jawa Barat, Nusantara, jeung Mancanagara.